# Шылпық естелиги ҳаққында нелерди билемиз?

Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы Устюрт тегислигинен тап Султан Ўайс таўларына шекемги болған жерлерде өтмиш, тарийх  излерин көриўге болады. Сырларға бай болған қалалардың қалдықларынан бул жерлерде бир ўақытлар өмир қайнағанын, мәденияттың раўажланғанын, бул жерде жасап өткен ата-бабаларымыздың жоқары дәрежеде илимли болғанын аңлаў қыйын емес. Өтмиш естеликлеринен болған әне сол қалалардан 14 қала Әмиўдәрья районында жайласқан.

Image not found or type unknown

Солардан бири болған Шылпық қаласының жасы еки мың жылдан аслам. Шылпық шеңбер формасында болып, Нөкис қаласынан 43 км. Қублада жайласқан. Шылпық дәрьядан 35-40 метр бәлентликтеги 65 метр диаметрге ийе үсти ашық домалақ минара болып, тәбийғый тегис төбеликтиң үстинде жайласқан. Ол шеңбер формасында болып дөгереги қалың пахса менен оралған, бир тәрепи кириў жолы сыпатында ашық калдырылған. Ҳәзирги ўақытта Шылпықтың 6-8 метрли диййўалы сақланған, ишки радиусы 12 метр. Әййемги диййўаллардың бизге шекем унырап кетпей сақланып келиўиниң сыры бул жаўын шашыннан сақлаўшы сыбаўлардың орнатылыўында. Сыбаўлар дәрья ултанындағы саз ылайдан алынған ҳәм ҳәр қандай ызғарлық пенен жер силкиниўине қарсы турыў ушын диййўал астына қум төселген.

Жергиликли халық Шылпықтың пайда болыўын әпсанадағы дәўлер менен байланыстырады. Шылпық аймағынан ислам динине шекемги болған жерлеў мәресимлерине тән естеликлер табылған. Илимпазлардың пикиринше, Шылпық отқа сыйыныўшылардың денелерин алып келип қоятуғын арнаўлы орын

ўазыйпасын атқарған.

Image not found or type unknown

IX-X әсирлерде, әййемги Хорезмниң раўажланған ўақытларында ол қайта оңланған. Хорезмлилер Шылпықтан Хорезишахлар мәмлекетиниң басқа қалалары менен бир қатарда хабар жеткериў ҳәм қорғаныў имараты сыпатында пайдаланған. Ол өз ўақтында мәўсимлер алмасыўы, Әмиўдәрья суўының тасыўы ҳәм қайтыў сыяқлы дийқаншылық ушын оғада әҳмийетли өзгерислерди алдын ала астрономиялық жақтан бақлаў ҳәм календарь хызметин жүргизиў орны болған деген пикирлерде бар.

Инамжан Турсынбаев

Әмиўдәрья раойны 41-санлы мектептиң тарийх пәни оқытыўшысы